



Pou Piblikasyon Imedya: 08/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU FIZIYAD NAN THOUSAND OAKS LA

“Yon fwa ankò, nasyon an souke poutèt nouvèl yon lòt fiziyad terib, fwa sa a nan yon ba nan Thousand Oaks ki t ap akeyi etidyan kolèj sòti nan plizyè lekòl nan zòn nan. Nouyòkè yo ap kriye pou viktim fiziyad la, pami yo yon sèjan cherif Konte Ventura, ak pou fanmi yo. Kòm papa twa timoun, mwen konnen se pi move rèv yon paran kapab fè, epi fanmi New York la kanpe tou avèk yo pandan tan terib sa a.

Plis pase yon lane apre fiziyad nan Las Vegas la, trajedi sa a se yon lòt rapèl penib fleyo vyolans ame a k ap kontinye aflije sosyete nou an. Zak vyolans ensanse sa yo ap fèt avèk yon regilarite ki fè pè, epoutan Washington deside li p ap fè anyen. Panse ak lapriyè p ap anpeche yon lòt fiziyad—men aksyon kapab fè l. Sa fè de jou, Ameriken yo montre klèman yo vle retounen nan politik rezonab. Nou detèmine fè tout sa nou kapab pou soutni vizyon sa a, epi pou fè lari nou yo san danje tou.

Nan New York, nou p ap tann pou gouvènman federal la aji. Nou deja gen lwa sou sekirite nan zafè zam afe ki pi solid yo nan nasyon an, epi pandan sesyon lejislatif k ap vini an nou pral pran lòt mezi pou fè lwa nou yo vin pi solid toujou pou kenbe kominote nou yo an sekirite”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)